*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№113 (26326)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2025 азы 1 июль – сусæны мæйы 1 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

**2** КЪОНАЙЫ ФАРН — *Мустафа æмæ Милийы фæдонтæ*

**3** НОГ ЧИНЫГ — *Дзырды фарн æмæ мады рæвдыд*

**4** СПОРТИВОН ФИДИУÆГ — *Хъæбысхæст*

**Æмбырд**

# Паддзахадон программæтæ – царды



**РЦИ-Аланийы Хицауады æрвылкъуырион аппаратон æмбырд амыдта республикæйы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО. Ныхас цыд республикæйы социалон-экономикон æмæ царды æндæр ахсджиаг фарстатыл. Архайдтой дзы Хицауады уæнгтæ, муниципалон скондты сæргълæуджытæ, министрадтæ æмæ ведомстæты разамонджытæ.**

Хицауады Сæрдары хæдивæг **Томайты Ирбег** йæ доклады фехъусын кодта, республикæйы дарддæр дæр æнæнхъæлæджы уавæрты фæтк æххæстгонд кæй цæуы.

– Арвыкомы фæндаг гом у автотранспорты æппæт хуызтæн дæр. Синоптикты хъусынгæнинагмæ гæсгæ, республикæйы хæстæгдæр дыууæ суткæйы тæссаг у тыхджын дымгæтæ, къæвдатæ ихимæ æмæ цæугæдæтты раивылынæй. Республикæйы фæндæгтыл æрцыд 77 фæндагон фыдбылызы, 11 адæймаджы дзы байæфтой хъыгдард, æвæстиатæй сæ рынчындæттыл сæмбæлын кодтой. Дыууæ адæймаджы дзы, хъыгагæн, фæмард сты.

Цæгат Ирыстоны фæндæгтыл лæууынц 400 уæзласæн машинæйы, уыдонæй 120 – сæрмагонд бынæтты, 200 та – электронон рады, – фехъусын кодта Томайы-фырт.

Мидхъуыддæгты министрады хъусынгæнинагмæ гæсгæ, ивгъуыд къуыри мидхъуыддæгты оргæнтæм фехъусын кодтой, базарадон центр «Алания Молл»-ы рæмудзæн æрмæг æвæрд кæй æрцыд, уый тыххæй. Пъæлицæ, Æнæнхъæлæджы уавæрты æмæ тагъд медицинон æххуысы бригадæтæ æвæстиатæй уым 'рбалæууыдысты. Адæмы центры бæстыхайæ ракодтой. Куыд сбæрæг, афтæмæй хабар мæнг разынд. Дарддæр уыцы хъуыддагыл кусынц слестгæнæн оргæнтæ.

Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады хъусынгæнинагмæ гæсгæ, Горæтгæрон районы цыппар хъæуы, Рахизфарсы районы æртæ хъæуы æмæ Алагиры районы иу хъæуы тæссаг у зынгсирвæзтытæй. Министрады æппæт тыхтæ дæр сты бæрзонд цæттæдзинады уавæры.

Зымæджы хъармгæнæн рæстæгмæ цæттæгæнæн куыстытæ кæй фесты, уый тыххæй фехъусын кодта республикон «Водоканал»-ы генералон директоры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Кцойты Тамерлан.**

Сергей Меняйло куыд радзырдта, афтæмæй протезтæ аразæг фирмæ «Бионика»-имæ баныхас кодта, цæмæй нæ республикæйы хайад байгом кæна. Уымæ гæсгæ, республикæйы Фæллой æмæ социалон рæзты министрадæн бахæс кодта, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæй протез сæвæрын кæмæн хъæуы, уыдоны номхыгъд саразын.

Сергей Меняйло æппæт министрадтæ æмæ ведомствæтæн бахæс кодта дзыллон хабархæссæг фæрæзтимæ фембæлын æмæ бæлвырд æрдзурын министрадты куысты тыххæй, цы сарæзтой æмæ дарддæр цæуыл кусдзысты, ууыл.

Аппаратон æмбырды ма ныхас цыд, социалон рæзты национ æмæ паддзахадон программæтæ куыд æххæстгонд цæуынц, ууыл. Национ программæтæн сæххæст кодтой сæ 48 проценты, паддзахадон программæтæн та – сæ 51,4 проценты.

Æмбырды ма ныхас цыд æндæр ахсджиаг фарстатыл дæр.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

**Парламентæй**

# Бюджет фидаргонд æрцыд

**Знон уыд РЦИ-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты цыппор дыккæгæм æмбырд. Амыдта йæ Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз.**

Депутаттæ фыццаг бакасты равзæрстой æмбырды боны фæткы иунæг, фæлæ ахсджиаг фарста – «2025 азмæ æмæ 2025-2026 азты пъланон рæстæгмæ РЦИ-Аланийы республикон бюджеты тыххæй» РЦИ-Аланийы закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй» закъоны проект. Уый фæдыл раныхас кодта финансты министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Оксанæ Карова**.

Куыд загъта, афтæмæй сæ бахæссыны размæ ивддзинæдтæм каст æрцыд федералон министрады æмæ дзы се'ппæты фæдыл дæр рахастой разыдзинады уынаффæ. Афтæмæй, республикон бюджеты æфтиæгтæ фылдæр кæнынц 1 миллиард æмæ 50 милуан сомæй. Уыдонæй 50 милуаны лæвæрд æрцæудзысты РЦИ-Аланийы Фæндæгты фондмæ; 79,9 милуан сомы – социалон бафыстытæ æмæ адæмы хицæн къордтæн, уыимæ, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сæ бинонтæн социалон æххуысы мадзæлттæн, стæй, Уæрæсейы Хъахъхъæныннады министрадимæ контракт чи бафыста, уыцы æфсæддонтæн социалон бафыстытæн; 21,3 милуан сомы – льготæмæ гæсгæ хостæ кæмæн æмбæлы, рынчынты уыцы къордтæн амынд хостæ балхæнынæн (уыимæ, æнахъом сывæллæттæн хъæугæ медицинон фæрæзтæ балхæнынæн дæр); 18,2 милуан сомы – доноры туг æмæ туджы компоненттæ бахъахъхъæнынæн, дарын æмæ сæ ласынæн æмбæлгæ уавæртæ аразынæн; 17,7 милуан сомы – медицинон кусæндæтты хæрдзтæн; 22 милуан сомы – ахуырады къабазы объектты сæрмагонд инфраструктурон райрæзтæн; 16,2 милуан сомы – «Хъæууон фæзуæтты иумæйаг райрæзт»-ы паддзахадон программæйы фæлгæты Кировы районы Змейкæйы станицæйы, 360 бынаты кæм уыдзæн, ног ахæм скъола æмæ ног Культурæйы хæдзар саразыны тыххæй проектон-сметон гæххæттытæ бацæттæ кæнынæн; 24,7 милуан сомы сты Рахизфарсы Центрон рынчындон сцæлцæг кæныны, Елхоты ног скъола саразынæн проектон-сметон гæххæттытæ саразыны, муниципалон театртæн финансон æххуысы хæрдзтæ; уымæй дарддæр – республикæйы Хицауады фæстауæрцы фонд фæфылдæр кæныны, паддзахадон кусæндæттæ æмæ хицаудзинады оргæнты куысты хæрдзтæ, муниципалон бюджеттæн æххуысы, сывæллæтты сæрдыгон фæлладуагъды, хъæууонхæдзарадон культуртæ ихæй бахъахъхъæныны æмæ æндæр хæрдзтæ. «Афтæмæй, ацы азы бюджеты бæрæггæнæнтæ сты: æфтиæгтæ – 48 миллиард æмæ 894,8 милуан сомы, хæрдзтæ – 49 миллиард æмæ 872,8 милуан сомы, бюджеты кадавар – 978 милуан сомы», – загъта министр.

Раныхасы фæдыл фарстытæ уыд Парламенты Сæрдары хæдивæг **Дойаты Светланæмæ**, депутаттæ **Реуазты Ларисæ** æмæ **Джиоты Георгимæ**.

Фарстайы фæдыл æмдоклад скодта Парламенты бюджет, хъалонтæ, исбонад æмæ кредитон организациты комитеты сæрдар **Хæдарцаты Аслæнбег**. Æфтиæгтæ цæмæй уа, уый тыххæй хæрдзтæм хъæуы бæстондæр кæсын – ахæм уыд Хæдарцы-фыртæн йæ раныхасы сæйраг хъуыды, æмæ цæвиттонæн æрхаста, автоколоннæ – 1210 лизинджы фæрцы цы автобустæ балхæдта, уыдоны куыст. «Ног транспорт балхæдтам, цæмæй куса æмæ æфтиаг хæсса, уый тыххæй. Уыдон та лæууынц. Сæ пайдайæ бюджетмæ ницы ма фæхæццæ. Цæуылнæ? Цæмæн афтæ у? Ацы æмæ æндæр фарстытæ цæмæй ма 'взæра, уый тыххæй хæрдзтæ хъæуы ноджы лæмбынæгдæр нымайын, æнæ уымæй размæ цæуæн нæй», – бафиппайдта депутат.



Закъоны проектмæ хаст ивддзинæдтæ депутаттæ хорзыл банымадтой æмæ, документы ахсджиагдзинад хынцгæйæ, фыццаг æмæ дыккаг кæройнаг бакасты закъон сфидар кодтой.

Парламенты цыппор дыккæгæм æмбырдæн хатдзæгтæ скодта æмæ журналистты фарстытæн дзуаппытæ ратта Тускъаты Таймураз.

– Бюджеты хæрдзтæ нымайын, йæ гæнæнтæ æвзарын, хъалонты æмæ æнæхъалонты æфтиæгтæн раст аргъ кæнын – уый у, республикæйы экономикæйыл чи ахады, уыцы министрадтæ æмæ ведомствæты æрвылбоны иумæйаг куыст. Республикæйы бюджеты нывыл куыстæн нæм ис æппæт гæнæнтæ дæр. Фæлæ хæрдзтæн бæстон æмæ нысанмæарæзт пълан куы нæ уа, уæд фаг ницавæр æфтиæгтæ уыдзысты, – загъта Парламенты Сæрдар.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

**Национ проекттæ**

# Хистæр фæлтæры удæнцойæн...

**Сæрмагонд федералон проект «Хистæр фæлтæр»-ы фæрцы уæлæмхасæн социалон æмæ медицинон лæггæдтæй зæрдиагæй пайда кæнынц 30 мин цæгатирыстойнаг ацæргæ адæймагæй фылдæр.**



Ахæм нымæцтæ «Рæстдзинад»-æн фехъусын кодтой РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæйы.

Амынд проекты фæрцы хистæр фæлтæры минæвæрттæн се 'рвылбоны цард кæны ирддæр æмæ цымыдисагдæр. Афтæ, социалон лæггæдты центрты специалисттæ ацæргæ адæмæн аразынц сфæлдыстадон, компьютерон æмæ спортивон мастер-класстæ, аласынц сæ бæстæзонæн экскурситæм, фæхонынц сæ концерттæм...



Дохтыртæ æмæ иннæ специалисттæ алкæддæр цæттæ вæййынц хистæртæн се 'нæниздзинад фæфидардæр кæнын æмæ реабилитацийы æндæр мадзæлттæ саразынмæ (уыимæ, ахæм лæггæдтæ мобилон къордтæ æххуысхъуаг адæмæн кæнынц йæ цæрæн бынаты дæр).

Ахæм адæммæ хæдзармæ бацæуынц социалон службæйы кусджытæ дæр – фæкæсынц сæм хæдзары змæлдтытæм, бадæттынц сын хойраг æмæ хостæ... Зæрдæбын ныхас дæр акæнынц семæ – уый дæр цæй аргъ у, уынгмæ зынтæй чи рацæуы, ахæм ацæргæ адæймагæн...

**КАЛМАНТЫ Аслан**

**Дзырды фарн**

*Æхст нæмыг не 'рцахсдзынæ,*
*дзырд нæ раздахдзынæ.*

*КОЧЫСАТЫ Мухарбег*

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **1 июлы** уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **16-24 градусы хъарм.** | Боны дæргъ — 15,18 | Хурыскаст — 04,26<br>Хурныгуылд — 19,44 | Валютæйы аргъ | Доллар — 78,71<br>Евро — 91,52 | 12 + |

Кусæг фембæлд

# Тарифты политикæйы хъæппæристæ

**Цæгат Ирыстоны сенатор Федерацийы Советы Виталий НАЗАРЕНКО Дзæуджыхъæуы фембæлд РЦИ-Аланийы Тарифты службæйы разамонæг ПЛИТЫ Вадимимæ.**

**Се 'хсæн рауад Федерацийы Советы æмæ ведомствæйы 'хсæн æмгуыстады фарстатыл ныхас. Уæлдай æргом аздæхтой федералон æмвæзады закъонæвæрынадон хъæппæристыл бакусыны æмæ сæ рæгъмæ хæссыны фадæттæм, уæлдайдæр та бирæуæладзыгон хæдзæртты иумæйаг исбонæй пайда кæныны тарифты политикæйы уавæр баныхыл кæнын.**



**Виталий Назаренко куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй ис ацы къабазы уавæр фæхуыздæр кæныны фадат. «Гражданты фæрныгад хъуамæ хуыздæргæнгæ цæуа», – загъта сенатор.**

**ÆЛБОРТЫ Зæлинæ, сенаторы æххуысгæнæг**

Рауагъд

# Кæсагдарджыты цæттæ кæнынц

**Цæгат Кавказы фыццаг хатт рауагътой кæсагдарынады, биофæрæзты æмæ аквакультурæйы специалистты. Уыдон цæттæ кæныны фæнд фæзынд, республикæтæ ахæм специалисттæ хъуаг кæй æййæфтой, уымæ гæсгæ.**



Ныртæккæ æрмæст Цæгат Ирыстоны ахæм кæсагдарæн хæдзарæдтæ ис 50-йæ фылдæр. Дæс мæйы дæргъы Хæххон аграрон университеты ахуыр кодтой кæсагдарыны сусæгдзинæдтæ. Практикон фæлварæн скодтой сæрмагонд фæзыл, фæлварæн ахаста дыууæ сахаты æмæ 'рдæг. Студенттæ равдыстой кæсагимæ куысты æппæт фæзилæнтæ, зæгъæм, йæ æрцахсын, йæ равзарын, кæрæдзийæ сæ фæхицæн кæнын, сæ фæдарын, еугæф инкубаторы баппарын, хæрз чысылæй сæ стырдæр асмæ сырæзын кæнын æмæ æндæр хъуыддæгтæ.

Студентты бæрны уыдысты алыхуызон ифтонггæрзтæ, суанг цæугæ донимæ аппараттæ, фидæны кæсагдарджытæ сæ цæст дарынц еугæфы хъæрзхъæддзинадмæ, лæппын кæсæгты рæстмæ. Университеты Аграрон колледжы разамынд куыд æмбарын кæны, афтæмæй фондз кусæн бынатмæ цæттæ кæнынц фондз экспертты. «Техникон эксперт мах ахуырады организацийæ уыдзæн, сæйраг эксперт – республикæйы кæсагдарæн хæдзарады сæйраг кæсагдарæг, иннæ эксперттæ студентты архайдæн аргъ кæнынц», – зæгъынц колледжы минæвæрттæ.

Курсы рауагъдонты бон бауыдзæн, университеты ацы аз цы ног факультет – «Доны биофæрæзтæ æмæ аквакультурæ» фæзындзæн, зæгъгæ, уым сæ ахуыр адарддæр кæнын. Программæ аххæсдзæн дыууæ азы æмæ 'рдæг. Университеты разамынд куыд зæгъынц, афтæмæй рауагъдонтæ уыцы фадæттæй спайда кæндзысты.

**Нæ уацхæссæг**

Цæстдард

# Бирæ бартæ йæхимæ райста

**Уголовон кодексы 286 статьяйы 3 хайы пункттæ «в» æмæ «е»-йы («Куысты бынаты бартæй фылдæр бартæ химæ райсын») амынд фыдракæнд саразынæй кæй аххосджын кæнынц, нæ республикæйы Прокуратурæ цæгатирыстойнаг хъæутæй иуы уыцы сæргълæууæгыл арæзт уголовон хъуыддаджы зылынгæнæг хатдзæг сфидар кодта.**




Слестгæнджытæ куыд сбæлвырд кодтой, афтæмæй, фыдракæнд саразынæй кæй аххосджын кæнынц, уыцы нæлгоймаг, йæхимæ йæ куысты бынаты фылдæр бартæ райсгæйæ æмæ æнæзакъонæй архайгæйæ, бынæттон хиуынаффæйады оргæны кусæг адæймаджы номæй хи зонгæ сылгоймагимæ сфидар кодта цæрæнуаты – фатеры – социалон æххуырстады бадзырд.

Фæстæдæр хи хаст æнæзакъон уынаффæйы бындурыл 2023 азы майы хъæуы сæргълæууæг йæ зонгæ сылгоймагæн фатер иудадзыг дзы пайда кæнынæн ратта.

Хицауы бынатахсæг нæлгоймаджы æнæзакъон архайды аххосæй хъæуы администрацийæн æрхастæуыд 1,9 милуан сомæй фылдæр зиан.

Уголовон хъуыддаг рагацау æвзарыны рæстæг æнæзакъонæй иппæрдгонд исбон муниципалон иугондæн фæстæмæ раттой.

Зылынгæнæг хатдзæг сфидар кæныны фæстæ прокурор уголовон хъуыддаг барвыста тæрхондонмæ биноныг ыл æрныхас кæнынмæ.

Амынд фыдракæнд саразæг адæймагæн рахæссæн ис 10 азы дæргъы ахæстоны фæбадыны тæрхон.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**

Фиппаинæгтæ

# Кæй бафæрсæм, кæмæ бахæссæм нæ хъаст?

**Алы афæдзы æмбис дæр адæмæй курæм, рафыссут газет, зæгъгæ. Афтæ зæгъæн нæй, æмæ газеттæ никæйуал хъæуынц, фæлæ сæ афойнадыл ничиуал исы, æмæ адæм телефонтæй редакцитæм дзурынц.**

Райсомæй куыстмæ цæугæйæ мыл мæ сыхæгтæ цалдæрæй амбырд сты æмæ мын рахъаст кодтой, дыууæ къуырийы газеттæ «Рæстдзинад» æмæ «Северная Осетия» кæй нал райстой.

– Зынаргъ кæй сты газеттæ афæдзы æмбисæн, уыыл нал дзурæм, фæлæ ма сæ афойнадыл исгæ дæр нæ кæнæм. Посты хайадмæ лæдзæджы æнцæйтты ныццыдтæн, мæ газеттæ кæм сты, зæгъгæ, сæ бафæрсон, æмæ мын ахæм дзуапп раттой, постхæссæг, дам, отпусчы ис. Æмæ уый махмæ цæмæ хауы? Постхæссæг кæд йæ фæллад уадзы, уæд хъуамæ посты хайад йæ куыст баурома, цалынмæ кусæг отпускæй рацæуа, уæдмæ? Дыууæ къуырийы сæ сæхимæ фæдардтой, стæй мын сæ æмбырдæй рахастой. Нал сæ райстон, уымæн æмæ хабæрттæ иууылдæр телеуынынадæй базыдтон, æмæ ма цы кодтон зæронд газеттæй? Кæй бафæрсæм, кæмæ бахæссæм нæ хъаст? Афтæ дарддæр куы цæуа, уæд газет нал рафысдзынæн, – мæстджынæй дзырдта мæ сыхаг, карджын сылгоймаг.







Посты бастдзинад кæд газеттæ æмæ журналтæ рафыссыныл нал архайы, уæд сæ куыст цæй мидæг ис, пенситæ дæр картæтæм æрвыст куы цæуынц, уæд? Дуканитæ рауайын кодтой, кæддæр советон азты алыхуызон открыткæтæ æмæ газеттæ цы тæрхæджытыл лæууыдысты, уыдонæй. Сæкæр æмæ шоколад дуканийы ис балхæнæн, уæд сæм постмæ цæуын цæмæн хъæуы?

80-æм азты хорз хъуыды кæнын Алагиры нæ постхæсджытæ Плиты Валя æмæ Томайты Зифæйы. Ацы сылгоймæгты хуызæн постхæсджытыл æз никуыуал сæмбæлдтæн. Скъоладзаутæ уыдыстæм, æмæ-иу нæ уд, нæ цæст фæсуроктæ посты хайадмæ бауайын уыдис. Нæ зæрдæтæ нын тынг сæхимæ æлвæстой хуызджын цъар журналтæ æмæ открыткæтæ. Уæдæ ныл-иу посты кусджытæ куыд зæрдиагæй сæмбæлдысты, мидбылхудт æмæ цинимæ! Абон ма посты хайады скъоладзауы исчи фендзæн? Алы бон дæриу газеттæ афоныл нæ кулдуæрты асыччыты дардмæ дæр урсæй зындысты. Уыцы уысмæй фылдæр ницы уарзтон, ракæс, æмæ асыччы – газет. Валя æмæ Зифæ абон дæр мæ цæстытыл уайынц. Къæвдайæ, хурæй, митæй-иу сæ цыд нæ уагътой. Уыимæ цалдæргай дæргъæй-дæргъмæ уынгыл-иу æххæсгæ та куыд кодтой. Уæдæ никуы базыдтам, исчи сæ отпусчы ис, уый дæр, сæ куыст афтæ лæмбынæг æххæст кодтой. Стыр мыздтæ нæ истой, фæлæ, цы хъуыддаджы лæууд уыдысты, уымæ кастысты бæрнонæй. Уый уыдис советон цардарæзты æхсæнадон фидар æмæ нывыл фæтк.

Мæ сыхæгтæн та цавæр дзуапп раттаин, уый нæ зыдтон, фæстæмæ дæр ма мæм дзырдтой, изæры, дам, нын хабар бамбарын кæн. Редакцийы кусджытæ стут æмæ баныхас кæнут постимæ, цæмæй нæ газеттæ исæм, уый тыххæй. Ватутины уынджы кæронæй посты хайадыл мæ фæндаг акодтон, æмæ мын загътой, кусджытæ сæм кæй нæ фаг кæны, æмæ уый аххосæй газеттæ нæ хæццæ кæнынц адæммæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, посты хайады сæргълæу-уæг йæхæдæг нæ ацæудзæн газеттæ уарынмæ, фæлæ сæ кусæджы дæр æнæ фæллад уагъдæй куыд ныууадзой? Уавæр къуырцдзæвæны ис, æмæ дзы адæм куыд рахизой, уымæн мадзал нæ арынц.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

Къонайы фарн

# Мустафа æмæ Милийы фæдонтæ

**Раздæр куыд хъусын кодтон, афтæмæй Кæрдзыны хъæу равзæрд 1830 азы. Тынг бирæ мыггæгтæ æрлыгъд алы рæттæй, уыдонимæ Моргуатæ дæр. Сæ уæды хистæр Мустафайы æрбаййæфтон кадылхæст, уæздан, æгъдау йæ алы уæнджы дæр кæмæн уыд, ахæм пысылмон диныл хæст адæймагæй. Уыдис æм уæлдæр пысылмон ахуырад. Стыр куыст кодта пысылмон æгъдæуттæ царды уадзыныл. Хъæуы астæу мæзджыты уазæг уыдис алы бон дæр.**

Уæдæ æхсæнадон куыстыл дæр уыдис æнувыд. Ирон æгъдау æмæ фарн стыр кадимæ æххæст кодта. Бирæтæ йын йæ архайд æмæ æгъдау фæзмыдтой. Хъæуы ныхасы уæнг уыдис бирæ рæстæг. Йæ цард-æмбал Милиимæ кæрæдзи хорз кæй æмбæрстой, уый фæрцы сын бантыст цыппаруатон хæдзар саразын. Сæ цæхæрадонæй исын байдыдтой цæрыны фаг бæркад.


МОРГУАТЫ Мустафа

Моргойы-фырт стыр зæрдиагæй бацархайдта хæдзары бинонтæ фылдæр кæныныл. Милиимæ сын рантыст фырыхъулы хуызæн цот: лæппутæ Барис, Роскæ, Мурат æмæ чызджытæ Симæ æмæ Валя.

Мустафа æмæ Мили цоты хъомыладыл æнувыд уыдысты. Ахуырмæ сын раттой уæрæх фæндаг. Уыдон хорз æмбæрстой, цард размæ кæй цæуы æмæ ногдзинæдтæ кæй домы, уый. Мустафа-иу арæх бабæрæг кодта скъола æмæ сын-иу баххуыс кодта артагæй.


МОРГУАТЫ Барис йæ хуры тынимæ

Йæ хистæр зæнæг Барис тынг рæвдз уыдис ахуырмæ æмæ иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ каст фæцис скъола. Æнтыстджынæй фæлварæнтæ ратта педагогон институтмæ æмæ ссис математикæйы факультеты студент. Математикæйы дæсныйады дипломимæ 'рыздæхт йæ уарзон скъоламæ. Ахуыргæнджытæн уый тынг æхсызгон уыдис, ныр математикæйы ахуыргæнæг хъуаг нал уыдзыстæм, зæгъгæ. Фæлæ сæ цин бирæ нæ ахаста: Барисы акодтой Советон æфсады службæ кæнынмæ.

Скъолайы уæды директор Дзгойты Батырбег йæ хъаст бахаста республикæйы министрадмæ, уый фæстæ та – партийы обкомы фыццаг нымæрдармæ. Цæгат Ирыстоны партийы обкомы бæрнон кусджытæ, раст хатдзæгтæ саразгæйæ, ныффыстой æфсæддон хайады разамындмæ æмæ Барисæн лæвæрд æрцыдис афицеры цин. Афтæмæй сыздæхтис йæ уарзон скъоламæ.

Дæргъвæтин рæстæг арф зонындзинæдтæ фæлæвæрдта скъоладзаутæн. Скъолайы уæды директор уæвгæйæ, бацархайдта скъолайæн ног бæстыхай саразыныл. Барис ма фæкуыста районы ахуырады хайады бæрнон бынаты дæр. Алы ран дæр йæ куыст уыдис бафæзминаг. Лæвæрд ын æрцыдис ахуырады отличникы ном.

Моргуаты Барис йæ цард баиу кодта немыцаг æвзаджы ахуыргæнæг Дзансолты Полинæимæ, царды сын рантыст тынг хорз цот – æртæ лæппуйы: Батрадз, Сослан æмæ Алан. Батрадз ссис йæ фыдау стыр ахуыргонд. Советон æфсады рæнхъыты службæ кодта дæргъвæтин рæстæг, булкъоны цины рацыдис æфсады рæнхъытæй.

Сослан, дæргъвæтин рæстæг инæлар уæвгæйæ, фæкуыста Норильскы. Алан, агрономы дæсныйад райсгæйæ, æрлæууыд фосхæссæн совхозы агрономæй, абон та фермер у æмæ архайы фосы куыст парахат кæныныл.

Мустафайы дыккаг зæнæг Роскæ каст фæцис Хъæууонхæдзарадон институт. Дæргъвæтин рæстæг зæрдиаг куыст фæкодта Стъараполы колхозтæй иуы сæйраг агрономæй. Йæ арфæйаг куысты тыххæй йын лæвæрд æрцыдис рог хæдтулгæ «Москвич».

Æртыккаг зæнæг Мурат дæр райста уæлдæр ахуырад æмæ зæрдиаг куыст фæкодта адæмон хæдзарады, фæлæ цы загъдæуа хъысмæтæн. Мустафа йæхæдæг, йæ цардæмбал Мили, сæ хистæр зæнæг Барис, Сослан æмæ Роскæ ацыдысты зæххон цардæй, фæлæ сæ фæстæ ныууагътой æнæферохгæнгæ арф фæд.

Мустафайы фæдонты арфæйаг царды кой ракодтон цыбырæй, фæлæ, адæймаг цасфæнды куы фæцæра, уæддæр иу бон йæ цардæн кæрон æрцæуы. Сослан æрæджы ахицæн йæ цардæй, Уæрæсейæ йæм фæдисы схæццæ йе 'фсымæр Батрадз. Æз ныхас кодтон Батрадзимæ æмæ мын бамбарын кодта, йе 'фсымæр Алан цы сыхы цæры, уый фарсмæ кæй скæндзæн хæдзар æмæ ам кæй цæрдзæн.

– Ме 'фсымæр Аланæн дæр ис хорз бинонтæ, æз сæ дæн бузныг. Йæ цардæмбал, елхотаг Кодзырты Барисы чызг Ирæ тынг уæздан сылгоймаг у, бинонтыл, сыхбæстыл æнувыд уæвгæйæ, архайы æнгомдзинадыл. Уый Сосланæн йæ рынчыны рæстæг цас лæггад фæкодта, уый дæр у арфæйаг, – загъта Батрадз.

Адæмы æхсæн ын стыр арфæйы ныхæстæ ракодта зианыл дзурæг. Æмæ, æцæгæйдæр, ацы хæдзары Ирæ у чындз дæр æмæ æфсин дæр, ноджы ма кусгæ дæр кæны. Хъæубæстæ, сыхбæстæ дзы стыр разы сты.

Алан æмæ Ирæ нырма кæд хæрзæрыгæттæ сты, уæддæр сæ архайд у ирон æгъдæуттæ æмæ фарны фæзилæнтæ æххæст кæныныл, ахуырмæ сты æмхиц æмæ царды бæрзæндтæм æнæ фæцудгæ схизын сæ бон бауæд. Царды размæ цæуын хорз у, æмæ Мустафайы фæдонтæ ууыл архайынц æмæ сæ архайдæй сæрыстыр уæнт.

Кодзырты елхотаг чызг, мацæмæй сфæлмæц, Моргуаты фæрныг хæдзарæн дæ чындз, æфсин, цот хъомылгæнæг, æгъдау æмæ фарндæттæг, дæ цыд размæ у æмæ дын макуы бамынæг уæд.

Кæд Мустафа пысылмон диныл хæст уыд, уæддæр кодта æхсæнадон куыст. Асфальт фæндаджы былгæрæтты цы бирæ бæлæстæ сагъд ис суанг Кæрдзыны хъæуы онг, уыдон ныссагътой, Мустафа разамынд цы бригадæн лæвæрдта, уыдон.

Мустафайы баззайæгтæй абон арфæйаг цард кæнынц Алан æмæ Батрадз сæ бинонтимæ. Бафæзминаг сты куыд ахуыры, афтæ, царды æппæт домæнтæ кадимæ кæй æххæст кæнынц, уымæй дæр.

**БОГАЗТЫ Арсæмæг, Кæрдзыны хъæуы хистæр**

Ног чиныг

# Дзырды фарн æмæ мады рæвдыд

**Æргом куы зæгъон, уæд ныр дæсгай азты дæргъы мæ хъус дарын МАМЫКЪАТЫ Хъазыбеджы поэтикон сфæлдыстадмæ. Мæ зæрдæмæ хæстæг цæмæн сты йе 'мдзæвгæтæ, уымæн фæцис хорз æфсон: мыхуыры рухс федта йæ ног чиныг: «Æзинæ, абони, исон…» Цæмæй хицæн кæны ацы æмбырдгонд, зæгъгæ, мæ исчи куы бафæрсид, уæд ын раттин ахæм дзуапп: йе 'мдзæвгæты нæй хæццæ-мæццæ метафорæтæ, искæй фæзмынмæ тырнынад, йе 'рдзон курдиаты фæстæ цæуыны монц æмæ нæ национ поэзийы традицитыл иузæрдионадæй. Уымæй уæлдай, автор уырзæй æвзары йæ уацмысты æрмæг, дзагармæй пайда кæны имон æнкъарæнтæ æмæ базырджын хъуыдытæй.**

Поэты лирикæ нæ йæхимæ æлвасы, сатæг донау, дойны рæстæджы хуызæн. Кæсагахсæг йæхи сыгъзæрин кæсаг æрцахсынмæ куыд цæттæ кæна, афтæ Хъазыбег дæр агуры йæ алæмæтаг сурæттæ. Ахæм сфæлдыстадон агурæнтыл йæ цæст лæмбынæг хæссы, уый æнæфенгæ нæ фæуыдзæнис поэты аивадон ныхасы рæстдзæвин уагæвæрд. Чиныджы фыццаг æмдзæвгæйы æртыккаг цыппаррæнхъоны кæсæм:

*«Мæ рист уоди кæсалгæ*
*Æ къæстæнмæ гæлдзуй,*
*Цæф рæубес, æ тог калгæ,*
*Æ мадæмæ ледзуй».*

Ацы аивадон нывы ницы ис уæлдай æууæлтæй, æрмæст бæстон хъуыдытæ.

Кæддæр Пастернак йæ кæстæр æмсис æфсымæртæм сидтис ахæм ныхæстæй: «Дæнцæг уын раттон – ныр та уæ рад у!». Мæнмæ гæсгæ, Мамыкъаты лæппуйы уацмысты дæр ис, кæстæртæ дæнцæгæн кæй райсой, ахæм рæнхъытæ. Литературæйы хуызтæй поэзийæ демократондæр дзырдаивад нæй. Уымæ гæсгæ, райдайæг стихамайджыты хъæуы, поэзийæ æххæст чи уа, ахæм хистæрты сфæлдыстад. Хъазыбеджы æмдзæвгæтæ лæмбынæг чи бакæса, уый, æнæмæнг, разыйæ баззайдзæн. Æмæ ма уымæй уæлдай ссардзæнис рæстдзинады къахвæндаг:

*Байтаман-лæхъуæн*
*Хуцауи дзурдæй,*
*Тæходуй, æма,*
*Нур ку фестинæ,*
*Уазай æфцæгмæ*
*Исцæйхезинæ,*
*Кæнтæй Кæсæгмæ*
*Зар нилвасинæ.*

Фыццаг бакастæй афтæ зыны, цыма хуымæтæг рæнхъытæ сты, фæлæ уый хъуамæ макæй сайа. Хуымæтæджы 'мбисондæн нæ баззадис: «Алцы генион дæр хуымæтæг у!» Уый уымæн афтæ у, æмæ дзы алчидæр æрдзон удыхъæдæй цæуы. Хъазыбег цыфæнды темæмæ дæр куы бавналы, уæддæр дзы нывæры йæ удысконд, æмæ зæрдæ уымæн æлхæнынц. Уымæ гæсгæ, рагæй сагъæс кæнын чиныджы авторы рæнхъæвæрдыл.

Æмæ мæхицæн æрцыдтæн вазыгджын хатдзæгмæ: адæймаг ног æмæ ног искæй æмдзæвгæтæм куы здæха, уæд уый æцæг поэзийы æвдисæн у! Дæсгай азты размæ Хъазыбеджы рагон æмдзæвгæтæй иуы бакастæн ахæм рæнхъ: **«Мæ зæрдæйыл ныффæлдæхти фæндыр…»** Куыд ис ферох кæнæн ахæм рæнхъы ныхæстæ! Адæймаджы хъуыдæджы чи ныффидар уа, уымæн ферох кæнæн нæй. Хъазыбеджы æмдзæвгæтæ сты эпикон нывтæ: ныркон дуг аныгъуылы ивгъуыды азфысты тыгъдады, ивгъуыд та йæ сæр адары абоны æмбарынады. (автор йæ чиныг дæр «Æзинæ, абони, исон…» хуымæтæджы афтæ не схуыдта). Ахæм лирикон-таурæгъон традици иугъæдон у нæ наукон поэзийæн. Поэт йæ уацмысты комкоммæ дзуры, нæ историон хъуыддаг рæстæджыты тары кæй нæ фесæфт, уый тыххæй:

*Ехх, нæртон Амран, цы фæд ныууагъта,*
*Ир-Дыгурæн уый куы басгуыхид цырагъ! –*
*Ехх, куы ракæнид Хуыцæутты Хуыцау арфæ,*
*Ехх, куы 'рцæрид нæ йæ цæссыджы 'ртах!..*

Фæстаг рæнхъы арæхстджынæй нывæст æрцыд вазыгджын хъуыды: уацмысы ассоциативон рæгъ нæ йæхимæ æлвасы æмæ нын æнцойад нæ дæтты.

Афтæ зæгъæн ис, æрдзы тыххæй цы уацмыстæ ныффыста, уыдоны тыххæй дæр. Уымæн æмæ сын ис арф мидисамад, хъавгæ амад сурæттæ æмæ æлхъывд рæнхъамад. Алыхуызон мадзæлттæ æмæ фæрæзтæй пайда кæнгæйæ, автор хиуылхæцгæ агуры фæндаг йæ чиныгкæсæгмæ. Ахæм æнкъарæнтæ нæм гуырын кæнынц, уарзты



тыххæй цы рæнхъытæ ныффыста, уыдон дæр. Поэт нын уæрæх байтыгъта йæ зæрдæйы дуæрттæ. Ам зæрдыл æрлæууы Созыры поэзийы комулæфт. Автор æфсæрмы нæ кæны æргом ныхасæй. Æмæ ахæм зæрдæйыуагæй цы интимон лирикæ гуыры, уымæй цы фæлгонцтæ райгуырд, уыдон кæсджытæн хæссынц æхцонад, æнцонад æмæ уæлмонцад.




Стихамады мидæг вазыгджын ахадындзинад ис уацмысы мидисамады кæронбæттæн хъуыдыйæн. Уымæн æмæ уымæй баззайы адæймаджы хъуыдæджы. Уыцы аивадон дæсныйад автормæ иу бонмæ не 'рцæуы. Хъазыбег уыцы æууæлмæ йæ хъус рагæй дары. Уырнинаг дæнцæгтæ æрхæссæн ис йæ граждайнаг лирикæйæ дæр. Уым дæр æмбæлæм имон, сатæг æмæ сурæтджын хъуыдысагъæстыл. Уыдоны мидæг автор махæн æргом кæны йæ бирæвæрсыг рис. Зæгъын ма æмбæлы, ахæм традицийæн ирон поэзийы арф уидæгтæ кæй ис, уый тыххæй. Цæуыл дзурæг у уый? Фыццаджыдæр, ууыл, æмæ ацы рæнхъыты автор æнкъары йæ рæстæджы комулæфты уылæнтæ. Æмæ уым ис йе сфæлдыстадон амонд. Ахæм æнтысты фæрцы æцæг поэттæ бахауынц сæ дуджы иудзинады. Цыма зæгъæн ис ацы чиныджы тыххæй? Ацы æмбырдгонд цымыдисаг у йæ алы фарсæй дæр. Уымæн æмæ дзы уырнинагæй æвдыст æрцыд авторы тырнынад йæ чиныгкæсæджы барæвдауынмæ.

Хъазыбеджы æмдзæвгæты æмбырдгонды ма федтон иу хорздзинад. Алы кары адæймаг дæр дзы йæхицæн ссардзæн исты хорздзинад уацмысы хуызы. Уыдонæн фысгæйæ, автор пайда кæны алыхуызон аивадон мадзæлттæ æмæ фæрæзтæй. Йæ лирикон хъайтартæ дунемæ кæсынц алыхуызон цæстæнгæстæй. Лæмбынæг æркæсын æмбæлы авторæн йæ уацмысты ранывæсты мадзалмæ дæр. Поэт сæ арæхстджын къухæй хицæн хæйттыл нæ дих кæны, фæлæ сын хъахъхъæны йæ иудзинад. Æмæ уый æнцондæрæй гуырын кæны кæсæджы æнкъарæнтæ. Нывты хуызæн ирд æмæ хуызджынæй сæхимæ æлвасынц нæ миддунейы тырнынад. Цыфæнды цаумæ куы бавналы, уæддæр дзы бауадзы уд æмæ йæ разилы цардмæ. Йæ абарстытæ рауайынц рæстдзæвин æмæ цæстуынгæ. Уымæ гæсгæ, йæ уацмыстæ фæвæййынц æрдзон æмæ æххæст кæронæй. Кæй зæгъын æй хъæуы, ахæм мидисон фæзилæн зынгæ фæд ныууадзы йæ ранывæсты фæлдзусадыл. Уыйадыл йе 'мдзæвгæты мидисамады нывтæ æмæ цаутæ ивынц кæрæдзийы, хъуыды арфдæргæнгæ. Фæлæ ныхас цы чиныгыл цæуы, уым сæйрагдæр у удыбæстæйы азфыст, нывгæнæджы миддунейыл афæлгæст, лирикон хъайтары монон рæзгæ-ивгæ царды æхцонад. Мæнмæ гæсгæ, уым ис, ацы æмбырдгонды уд чи бауагъта, уыцы аивадон рахæцæн. Æмткæй райсгæйæ, Хъазыбеджы поэзийы уый фæрцы схизы «симфонион лирикæйы» æмвæзадмæ.

Хицæнæй зæгъын æмбæлы, чиныг фæлгонцгонд куыд æрцыд, уый тыххæй дæр. Соскъиты Владимиры зонæм зындгонд скульпторæй, фæлæ ам дæр йæхи равдыста арæхстджын графикæй. Æнæ 'рлæугæ нæй, чиныджы рацыдæн дæр фæрæзтæй кæй баххуыс кодта, ууыл. Æцæг æм уый фаг нæ фæкаст, æмæ ма йæ фæлгонцкæнынад дæр йæхимæ райста. Йæ куыст нæ цымыдисы бафтыдта йæ хуымæтæгдзинадæй, йæ сыгъдæг лирикон æрмдзæфæй, æнкъарæнты рæстдзинад æвдисынæй. Чиныджы фæстаг хъæбæр цъарыл нывгæнæг ратты поэты къухфысты автограф. Æмæ уый иудзæвгар кæрæдзимæ фæхæстæгдæр кодта авторы йæ кæсæгмæ. Фыццаг фарсыл та æвæрд æрцыд поэты графикон сурæт, цыма фæстæмæ аууон æппары, уый хуызæнæй. Æмæ зæгъинаг цы у: нывгæнæг бахъахъхъæдта йæ иллюстрациты иудзинад. Æмæ кæд силуэты хуызæн рауадысты, уæддæр сæ адæймаг нæ тыхсы, куыд сты, афтæмæй сæ æвæры йе 'нкъарæнты рæбын. Æмæ уый дзуапп дæтты сæ дыууæйы (автор – нывгæнæг) домæнтæн дæр.

Поэты чиныг нывæфтыд кæнын рагæй-æрæгмæ дæр æнцон хъуыддаг никуы уыд. Хъазыбеджы чиныгмæ хаст æрцыд дыууæсæдæ уацмысæй фылдæр. Æмæ уыдоны хъуыды иу нывы мидисмæ «æрæмбырд» кæнын æнцон хъуыддаг кæм у! Фæлæ Соскъийы-фырты къухы уый æнтыстджынæй бафтыд: æмбырдгонды иугæнæг хъуыдыйæн «равзæрста» авторы фæлгонц æмæ нæ фæрæдыд. Бавæрдта дзы цыдæр сусæгдзинад: авторы лæмбынæг цæстæнгасы бандзыг хъуыдыгæнæг, сагъæсгæнæг æмæ тыхст уды цæстæнгас. Уæвгæ ацы тыхст æмæ хъиамæтджын рæстæджы йæхи æндæр хуызы куыд хъуамæ æвдиса дзырдаивады дæсны. Хъазыбег Хуыцаумæ кувæг лæг у, æмæ йæ цæсгомыл цыдæр евангелион æууæл дæр разынд. Мæнмæ гæсгæ, фыццаг цъарыл авторы хуызджын къам нывæст куы æрцыдаид, уæддæр нæм ахæм æнкъарæнтæ нæ ныууагътаид. Автор мын куыд загъта, афтæмæй чиныджы сæргонд дæр æрхъуыды кодта нывгæнæг. Æмæ кæй фæрæстмæ, уый тыххæй йын зæгъæм бузныджы арфæ.

Афтæ зæгъæн ис, æмæ Хъазыбег амондджын адæймаг у. Хуыцау ын ратта фæлдисыны курдиат. Хуыцау ын ратта æртæ хъæбулы æмæ дыууадæс хъæбулы-хъæбулы. Уыдон сты йæ уæлмонцады ратæдзæнтæ. Æмæ, цыма фысгæ-фыссын уыдоныл фæхъуыды кæны, уыйау йæ алы ныхас дæр уырзæй æвзаргæ цæуы. Æнæмæнг сæ уымæ гæсгæ, йæ зæрдæмæ хæстæг исы чиныгкæсæг. Ныртæккæ амондджын адæмтæ стæм сты, æмæ уымæ, гæсгæ чиныджы авторы, æнæмæнг, æрхæссын æмбæлы дæнцæгæн. Йæ цардæмбал Людæ йын сарæзта æппæт фадæттæ дæр, цæмæй йæ сæрыхицау æнтыстджынæй хæсса йæ курдиаты тæлмæнтæ адæммæ. Ахæм фæлдзусадон ахастдзинæдтæй бирæтæ сæхицæй нæ раппæлдзысты. Уымæн æмæ царды фæлварæнтæ дæттын æнцон хъуыддаг никуы уыдис æмæ нæу. Хъазыбег йæ бинонты къордимæ удæгас æвдисæн у ахæм фæзминаг цардæн.

Иу хатт ма йæ зæгъæм, чиныг кæй фæрæстмæ, уый дызæрдыггаг нæу. Фæлæ мæ исчи куы бафæрсид, куыд ма йын фæхуыздæр кæнæн уыд, уæд ын æргомæй зæгъин мæ фæндиæгтæ. Зындгонд куыд у, афтæмæй æмбырдгонды ис 211 æмдзæвгæйы, уыдонæй 100 фыст сты уырыссагау, 98 – дыгуронау, 8 – иронау, 5 – тæлмацгонд уацмыстæ. Уымæ гæсгæ, чиныджы ранывæст структурон æгъдаумæ гæсгæ адих кæнын хъуыд цыппар хайыл: уырыссаг, дыгурон, ирон æмæ тæлмацтыл. Æмбырдгондмæ хаст æмдзæвгæты сæрмæ бакæсæм 43 эпиграфы уырыссагау, уыдонæй дыгуронау фыст чи у, уыдоны сæрмæ чи ис, уыцы скъуыддзæгтæ раивын хъуыд дыгуронмæ. Хъазыбег тæлмац кæнынмæ хорз арæхсы, æмæ, уымæ гæсгæ, уыцы куыст бакæнын зын нæ уыдаид. Иннæрдыгæй та кæйдæр хъуыдытæ кæй сты эпиграфтæ, уый тыххæй сæ райсын хъуыд дыкъæдзыгты. Æцæг дзы иу æнæном æмдзæвгæйы («Къолсæр цæлгæнæн, ке ма гъæуи…») сæрмæ ис дыкъæдзыгты ист эпиграф. Иннæты дæр афтæ райсын хъуыд дыкъæдзыгты. Бафиппайын ма хъæуы уый дæр, æмæ автор æгæр арæх пайда кæны эпиграфтæй. Алы цыппæрæм æмдзæвгæ дæр - эпиграфтимæ! – уый æгæр бирæ у.

Мамыкъаты Хъазыбеджы чиныджы тыххæй цы фæндиæгтæ загътон, уыдон ын йæ иумæйаг ахадындзинад дæлæмæ нæ кæнынц. Уымæн æмæ дзы адæймаджы цæст цæуыл æрхæца, ахæм бынæттæ иу æмæ дыууæ нæй. Йæ фæткæвæрдадон æууæлтæ æмæ миниуджытæ йæ дæлæмæ нæ уадзынц. Йæ аивадон агурæнты мидæг авторы къухы бафтыд канд ног ахорæнтæ ссарын нæ, фæлæ ног ранывæстон-мидисон хицæндзинæдтæ ссарын. Афтæ зæгъæн ис жанрты алывæрсыг миниуджытæй дæр. Ахæм фæлварæнты дæхи баппар æмæ дзы уæлахиздзауæй рацу, уый æнцон хъуыддаг кæм уыд, фæлæ Хъазыбеджы къухы уый бафтыд. Æмæ уыцы æнтыст арфæйаг кæй у, уый æппындæр дызæрдыггаг нæу. Йæ уацмысты цы лирикон хъайтартыл æмбæлæм, уыдон систы зынгæ аивадон æнтыстытæ. Цæмæй ахæм размæцыд хъуыдытæ къухы бафтыдаиккой, уый тыххæй авторы хъуыдис ирд цæстæнгас, аналитикон зондахаст æмæ æнкъарæг зæрдæ равдисын. Æмæ автор нæ тæрхонмæ цы чиныг рахаста («Знон, абон, сомбон…»), уый ссис нæ дуджы айдæн.

**ХОЗИТЫ Барис,**
**Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдисы сæрдар**

«Ирыстон – мæ авдæн»

# Бутаты Ритæйы æмдзæвгæты æмбырдгонд

**Алагиры центрон библиотекæйы цы ахсджиаг фембæлд скодтой, уый архайджыты базонгæ кодтой поэт БУТАТЫ Ритæйы чиныг «Ирыстон – мæ авдæн»-имæ. Кæсæн залы æрæмбырд сты йæ курдиатæн аргъгæнджытæ: Бутаты мыггаджы минæвæрттæ, ахуыргæнджытæ, скъоладзаутæ, Дзæуджыхъæуæй уазджытæ – номдзыд сфæлдыстадон кусджытæ.**





Библиотекæйы кусджытæ бæстон радзырдтой поэты сфæлдыстадон фæндаджы, йæ поэтикон сæйраг темæты тыххæй, æмдзæвгæты æмбырдгонд саразыны фæдыл. Уый поэзиуарзджытæн ссис стыр лæварау. Æрбацæуæг адæм æхсызгонæй байхъуыстой Бутаты Ритæйы æмдзæвгæтыл фыст зарджытæм, уæдæ йæ поэзийæ дæр разыйæ баззадысты. Йæ æмдзæвгæтæ сты хорздзинадæй æххæст, зондджын, уды бæллиццагдæр æнкъарæнтæй дзаг.

Бутаты Ритæ йæ алы рæнхъмæ дæр хæссы йæ дунеæмбарынад мысинæгты, ныфсы, йæ уды фæзилæнты фæрцы. Йæ Райгуырæн бæстæ тынг уарзгæйæ фыссы йæ царды йын арф фæд ныууадзæг адæмы тыххæй. Поэтикон рæнхъытæй йæ амонд æмæ рысты æууæлтæ равдисы, Ирыстоны уæлвæзтæ, хæхты рæсугъддзинад, цæугæдæтты згъорд рæгъмæ хæссы.

Æмдзæвгæтæ кæсæгмæ хæссы удварны æцæг хæзнатæ, циндзинад, йæ хъысмæты рыстытæ, фæнды йæ, цæмæй сæ бæллиццагдæр æнкъарæнтæ райхæлой. Бутаты Ритæ йæ æмдзæвгæтæ фæфыста алы рæстæджыты. Уырдæм бахаста йæ æнкъарддзинад, уæлтæмæн, уарзондзинад, йæ сæфт æууæнк. Цыдæриддæр царды ахорæнтæ ис, уыдон æй фæндыд банкъарын.

Ритæйы æмдзæвгæты æмбырдгонд фæзынд Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдисы сæрдар **Хозиты Барисы**, Алагиры районы Ныхасы сæрдар **Къаболаты Юрийы, Бутаты Таймуразы** æмæ Бутаты мыггаджы фонды фæрцы.

**Нæ уацхæссæг**

Фиппаинæгтæ

# Цы фæцис бинонты фарн?

**Иу бон æхсæнадон транспорты мæ фарсмæ зæронд лæг æрбадтис æмæ райдыдта ныхас кæнын: «Дунескæнæг дын цы бахай кæна, уымæй никуыдæм аздахдзынæ дæхи, цыфæнды рæстагæй куы фæцæрай æмæ хæрзуд адæймаг куы уай, уæддæр. Фæндагыл дæ бæх амæла æмæ нæлгоймагæн йæ бинойнаг йæ разæй мæрдтæм бацæуа, уый дыууæ хатты мардæрцыд у. Уый ма цæй цард у уæд?», – загъта лæг.**

Дзырд дзырды къахы, зæгъгæ, фыдæлты зонд хуымæтæджы нæу. Не 'хсæн бацайдагъ ныхас. Æз, куыд кæстæр, афтæ йæм лæмбынæг хъуыстон. Уый та мын фæкодта йæ æрхуым зæрдæйы хабæрттæ. Фондз æмæ цыппарыссæдзаздзыдæй иунæгæй цæры. Схъомыл кодтой йæ цардæмбалимæ æртæ сывæллоны: дыууæ чызджы æмæ лæппу. Алчидæр дзы йæ царды кой кæны, хицæнтæй сæ бинонтимæ цæрынц. Зæронд лæг йæ хæдзармæ æвваxс æрлæууæны тыхамæлттæй куы æрхызт, уæд йæ лæдзæджы 'нцæйтты сабыргай араст йæ фæндагыл. Æз маршруткæйы рудзынгæй кастæн йæ фæдыл æмæ йын тынг фæтæригъæд кодтон. Ирон адæммæ рагæйдæр хистæр кады бынаты куы уыд, чындзытæ сæ хицæуттæм уайсадгæ куы кодтой, уæд цы фæци бинонты фарн? Уыцы сывæллæттæй иу йæ зæронд рынчын фыды йæхимæ цæуылнæ акæны, ау, уыдон сабитæ куы уыдысты, уæд сæ фыды хъиамæтæй æппын къæбæр дæр никуы бахордтой, мад æмæ фыд цæуыл фæтухæн кæнынц уæдæ сæ сывæллæттæн, æндæр кæмæн? Йæ фырт æхсæв куыд бахуыссы æнæмæтæй, дæ зæронд фыды иунæгæй ныууадз æмæ фатеры къуымты рахау-бахау кæн. Цы мæгуырыбон дыл ис æххуырст фатеры цæрынмæ æмæ йын йæ хицауæн æхца алы мæй дæр фидынмæ, кæд æмæ дæхи фыды хæдзары цæрæг нæй, уæд. Цы хъыгдары уыцы чындзы йæ зæронд хицау, йæхи фыды дæр афтæ ныууадзид? Чи зоны, исчи зæгъдзæн, æмæ кæд сæ хæдзары уавæртæ къуындæг сты, уæд та, зæгъгæ. Горæты цæргæйæ, æртæ сывæллоны кæм схъомыл сты, уым бынат куыд нæ уыдзæн. Уыцы ныхæстæ æфсæнттæн нæ бæззынц. Бирæ хистæртæй фехъуыстон, иу къуымы уал æмæ уалæй цардыстæм, зæгъгæ. Ныр та бирæтæ сагъæсы бацæуынц, зæрæдты хæдзары куы февзæрой, уымæй.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

## Спортивон фидиуæг



Хъæбысхæст

# Ацы хатт – æнæ сыгъзæринæй

**Ивгъуыд сабаты Мæскуыйы уæгъдибар хъæбысхæстæй сбæрæг сты Уæрæсейы чемпионаты уæлахиздзаутæ æмæ призон бынæттæ бацахсджытæ нæлгоймæгты 'хсæн.**

Ирыстоны спортуарзджытæ къæрцхъусæй æнхъæлмæ кастысты, нæ богæлттæ афæдзы сæйраг ерысты сæхи куыд равдисдзысты, уымæ. Спортуарзджыты нæ фæнды æмæ сæ нæ уырны, нæ уæгъдибар хъæбысхæсты уавæр йæ хæрзтæй кæй нæу, уый.

Хъыгагæн та, ацы азы чемпионат дæр нæ барухс кодта нæ богæлтты иузæрдион фарсхæцджыты зæрдæтæ. Мæскуыйы ацæуæг Уæрæсейы чемпионаты ирыстойнаг богæлттæ хæцыдысты цыппорæй чысыл фылдæрæй... Уыдонæй æртæ-цыппар хатты фылдæр уыдысты Дагестаны богæлттæ. Уымæй дæр, кæд æмæ дагестайнæгтæ цалдæрæй фæстæмæ, ерысты сæ республикæйы номæй хæцыдысты, уæд ирыстойнæгтæн та сæ фылдæр хъахъхъæдтой æндæр регионты спортивон кад. Уый уымæн нæ зæгъæм, æмæ нæ лæпputы азымджын кæнæм. Ацы фарста у лæмбынæгдæр æркæсыны аккаг.

Чемпионаты нæ лæппутæ æдæппæтæй рамбылдтой авд хæрзиуæджы, фæлæ уыдоны 'хсæн нæ уыд сыгъзæрин майдан. Куыннæ хъуамæ хъыг кæной нæ спортуарзджытæ? Ахæм мæгуырау рауайдзæн нæ богæлтты архайд, уый никæй уырныдта.

Хъæбысхæсты бирæ фæзилæнтæ ис, æмæ рæдыдæй хызт ничи у. Нæ лæппутæ дæр цалдæрæй бæргæ тырныдтой уæлдæр бынæттæм, фæлæ сын ацы хатт цавæрдæр аххоссæгтæ уымæн фадат нал раттой.

Хардзау кæсы, 86 кг онг уæзы спорты сгуыхт мастер Найфонты Артур чемпионы ном кæй нæ райста, уый. Артур хорз рахæцыд цыппар ныхмæлæууæгимæ, рамбылдта се 'ппæты дæр æмæ кæронбæттæны фембæлд Дагестаны минæвар Ибрагим Кадиевимæ. Ацы фембæлды дæр Артур хæстæг уыд рамбулынмæ, фæлæ æнæнхъæлæджы Кадиевæн бантыст хыгъд сæмхуызон кæнын, æмæ 5:5 хыгъдæй уæлахиз лæвæрд æрцыд уымæн.



НАЙФОНТЫ Артур



НАНИТЫ Славик

Афтæ рауад нæ иннæ богал Наниты Славичы турнирон хъысмæт дæр. 92 кг онг уæзы хæцгæйæ, Славик кæронбæттæны 4:1 хыгъдæй æмбылдта дагестайнаг богал Аманулла Гаджимагомедовы, фæлæ фембæлды дыккаг хайы къуыхцытæ 'руагъта æмæ фæхæрд 4:6 хыгъдæй.

Афтæмæй, Найфонты Артур æмæ Наниты Славик бацахстой 2-аг бынæттæ.

Нæ богæлттæй ма 3-аг бынæттæм рацыдысты: 65 кг – Хъызынты Дзамболат, 74 кг – Куыдзойты Алан, 86 кг – Багаты Арслан, 97 кг – Соттиты Аслæнбег æмæ Дзæгъиаты Сослан.

2025 азы Уæрæсейы чемпионтæ систы: 57 кг – Муса Мехтиханов (РД), 61 кг – Заур Угуев (РД), 65 кг – Ибрагим Ибрагимов (РД), 70 кг – Сайын Кызырык (Республикæ Тыва), 74 кг – Имам Ганишев (РД)), 79 кг – Ахмед Усманов (РД), 86 кг – Ибрагим Кадиев (РД), 92 кг – Аманулла Гаджимагомедов (РД), 97 кг – Абдулрашид Садулаев (РД), 125 кг – Абдулла Курбанов (Краснодары край).

Куыд уынæм, афтæмæй, ерыстæ цы дæс уæзы цыдысты, уыдонæй асты 1-аг бынæттæ бацахстой Дагестаны богæлттæ. Уый нæ, фæлæ ма уæззау уæзы Краснодары номæй хæцæг чемпион Абдулла Курбанов дæр у дагестайнаг богал.

Ацы хъуыддæгтæ хъуыдыйаг сты нæ республикæйы Хъæбысхæсты федераци, тренертæ, спорты разамонджытæ æмæ бæрнон бынæтты кусджытæн.

Уæззау атлетикæ

# Фæуæлахиз сты дунеон ерысты

**Мæскуыйы ивгъуыд къуыри цыдысты дунеон турнир «Тыхджын спортсменты Кубок» рамбулыны ерыстæ уæззау атлетикæйæ.**

**Архайдтой дзы Уæрæсе, Белоруссы, Кубæ, Венесуэлæ æмæ Киргизийы спортсментæ.**

**Сылгоймæгты ерысты иттæг хорз рауад ирыстойнаг чызджытæ Анастасия Черемных æмæ Гусалты Зæринæйы архайд.**

**Анастасия Черемных 49 кг онг уæзы дыууæ хуызы систа 152 кг (66+86) æмæ бацахста 1-аг бынат.**

**71 кг онг уæзы йæ ныхмæлæуджытæй зынгæ фылдæр сисын бантыст Гусалты Зæринæйæн. Дыууæ хуызы Зæринæ равдыста 232 кг (105+127) æмæ ссис турниры уæлахиздзау. Нæ чызджыты тренертæ сты: Æлборты Вадим æмæ Уæрæсейы сгуыхт тренер Золойты Хъазыбег.**



ГУСАЛТЫ Зæринæ

**Уæлдай цымыдисагдæр уыдысты нæлгоймаг атлетты ерыстæ. Алы уæзы дæр 1-аг бынатыл ерыс кодтой цалдæргай амæй-ай тыхджындæр штангисты. Уыдоны 'хсæн уыди Золойты Хъазыбеджы хъомылгæнинаг Теблойты Сæрмæт дæр. 102 кг онг уæзы Сæрмæты ныхмæлæуджытæ уыдысты дунеон къласы спорты мастертæ Егор Климонов, Максим Могучев æмæ иннæтæ, фæлæ не 'мзæххон равдыста хорз цæттæдзинад. Ерысты фыццаг хуызæй не 'мзæххон уыциу ист 172 кг куы скодта, уæд йæ сæйраг ныхмæлæуджытæй дзæвгар фæразæй. Дыккаг хуызы ерысгæнгæйæ, йæ риуæй йæ дыккаг фæлварæны 203 кг куы систа, уæд йæ фæстæ цæуæг Егор Климоновы йæ разæй фæуынмæ хъуыд 221 кг сисын. Уый ахæм уæзмæ цæттæ нæ уыд, æмæ Теблойты Сæрмæт ссис уæлахиздзау.**

**Уæрæсейы иугонд командæ (нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгтæ) ссис «Тыхджын спортсменты Кубок» рамбулæг. Æхсызгон у, уыцы уæлахизмæ ирыстойнаг спортсментæ зынгæ хай кæй бахастой, уый.**

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## Цыбыр радзырд

# Усбирæгъ

Саухалы бинойнагыл æдзæлгъæд ныхас бахæцыд, изæрыгæтты хæдзармæ афоныл нал цыд.

Иу æхсæв сæ сыхæгтæй æнафоны æрбацæйцыд. Сæхи размæ куы æрбахæццæ, уæд цавæрдæр хъуынджын цæрæгойы астæуæй уæлæмæ кæлмæрзæнæй тыхтæй, йæ цыппæртыл лæугæйæ, ауыдта.

– Усбирæгъ!!! Фæдис, нæ лæг! – ныхъхъæр кодта ус æмæ уадзыгæй зæххыл æрфæлдæхт.

Хъуынджын цæрæгой йæ къæхтыл алæууыд æмæ хæдзармæ базгъордта...

Саухал рауад æмæ усы йæ хъæбысы хæдзармæ бахаста. Сынтæгыл æй æрæвæрдта, дон ыл æркалдта.

– Цы фæ-æ-ци? – æрчъицыдта ус.

– Чи, не 'фсин?

– Усбирæгъ...

– Æрсабыр у, усай. Дæ цæстытыл цыдæр ауад. Цæй усбирæгъ æмæ цæй цыдæр...

– Мæхи дыууæ цæстæй йæ федтон. Нырæй фæстæмæ хæдзарæй мæ къах дæр нал авæрдзынæн...

– Раст зæгъыс, не 'фсин, хорз! Мауал тæрс, æз дæ разы дæн.

Саухал чысыл раздæр къуымы цы кæлмæрзæн æмæ зыгъуыммæ фæлдæхт кæрц æрæппæрста, уыдонмæ бакаст æмæ йæ мидбылты бахудт...

**СЛАНТЫ Руслан**

# Арфæ

## Æгайты Кимæн



*«Аланты Ныхас»-ы координацион советы номæй арфæ кæнæм на кадджын хистæр Æгайты Кимæн йæ 95 азы юбилейы фæдыл!*

*Нæ зæрдæ йын зæгъы фидар æнæниздзинад, бинонты фæрнджын цардамонд æмæ бирæ хурдзаст бонтæ!*

*Æгайы-фырт йæ царды фылдæр æмбис ратта кусæг адæймаджы цытæн. Уымæй йæ бинонтæ, хъæубæстæ æмæ Ирыстоны адæмы астæу йæхицæн скодта стыр кады ном. Æгайты Ким æцæг ирон æгъдауыл хæст, «Аланты Ныхас»-ы кадджын хистæр абоны онг у Аланийы фæсивæдæн фæзминаг нæлгоймаг, ныфсдæттæг хистæр.*

*Йæ цардамонд бирæ! Фæрнæйдзаг уæд!*

**ФРИАТЫ Хъазыбег,**
**«Аланты Ныхас»-ы координацион советы сæрдар**

## Чиныджы презентаци

# «Арвы нæмыг»



**Гæздæнты Гайтойы номыл фæсивæдон библиотекæйы уыд фыссæг ХУЫГАТЫ Сергейы роман «Арвы нæмыг»-ы презентаци. Чиныгыл æрныхас кæнынмæ æрбацыдысты: РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдисы сæрдар ХОЗИТЫ Барис, фыссæг ДЗАСОХТЫ Музафер, нæ республикæйы сфæлдыстадон интеллигенци æмæ Хуыгаты мыггаджы минæвæрттæ.**

Презентаци байгом кодта, библиотекæйы директор Царахаты Ритæ æмæ загъта:

– Ирон æвзаг бахъахъхъæныны архайдæн ацы чиныг æвæджиауы лæвар у, уæлдайдæр – скъолаты ирон æвзаджы ахуыргæнджытæн. Иудадзыг хъусæм, æвзаг сæфы, зæгъгæ. Фæстаг хатт ма роман рацыд Агънаты Гæстæнæн, уымæй фæстæмæ ирон æвзагыл уацмыс нал федтам, – загъта Царахаты Ритæ.

Нæ республикæйы Фысджыты цæдисы сæрдар Хозиты Барис бæстон раныхас кодта чиныджы мидисы фæдыл. Уый загъта:

– Абон ирон литературæйы бæрæгбон у. Нæ фысджыты хистæр нын скодта диссаджы лæвар. Нæ размæ нын рахаста йæ ног уацмыс – роман «Арвы нæмыг». Стæй мын æхсызгон у, автор абон не 'хсæн кæй ис, уый дæр. Уый та ууыл дзурæг у, æмæ ма Хуыгайы-фырт сæрæн у сфæлдыстадон куыстмæ, Сергейы кары романтæ нæ, фæлæ йæ мысинæгтæ дæр никæй бон уал вæййы ныффыссын. Фыссæг йæ уацмыс амоны, 2023 азы фыст кæй æрцыд, уæд Сергейыл сæххæст 90 азы. Роман æз рахонин миднызхас. Фыссæг дзуры, сагъæс кæны, рацарæзты дуг æмæ йæ фæстæ азты ирон æхсæнад цалдæр къордыл куыд адихтæ, сæ цардыуаг куыд аивта æмæ æвзаджы хъысмæтыл. Суанг ма дзы бакæсæн ис, битъына раст куыд хусгæнгæ у, уый дæр. Хæдзары æфсинтæн ма уымæй ахъаззагдæр æрмæг цы уа. Сергейæн йе сфæлдыстадон фæндаг райдыдта ивгъуыд æнусы 50-æм азты. 1968 азы йын мыхуыры рацыд йæ фыццаг æмбырдгонд, уый фæстæ иу иннæйы фæдыл рацыдысты йæ иннæ уацмыстæ æмæ æндæрбæстаг фысджыты уацмыстæ ирон æвзагмæ тæлмацгондæй. Зæгъдзынæн ма уый дæр, æмæ «Арвы нæмыг» схонын хъуыд «Арвы цæф». Афтæ растдæр уыдаид. Ивгъуыдмæ акæсы фыссæг æмæ нын нæ зæрдыл æрлæууын кæны, цы рæдыдтытæ æруагътам, мах, ирон адæм, уыдон, цæмæй нæ фидæны фæлтæртæ мауал æруадзой. Чиныгæн презентацитæ хъуамæ скъолатæ æмæ иннæ уæлдæр ахуыргæнæндæтты ахуыргæнджытæ дæр кæниккой. Тынг ахъаззаджы мадзал у рæзгæ фæлтæрæн.

Фыссæг Дзасохты Музафер дæр радзырдта, Хуыгаты Сергеимæ сæ лымæндзинадæн дæргъвæтин азты истори кæй ис, æмæ ма загъта йæ фиппаинаг дæр:

– Фыццаджыдæр, арфæ кæнын, ацы мадзал чи бацæттæ кодта, уыдонæн, Хетæгкаты Оксанæйæн, нæ кадджын хистæрмæ сæрмагондæй йæхæдæг машинæйыл фæцыд æмæ йæ æрбаласта ардæм. Сергейæн æнцон нал у зæрдæйы фæндон рацу-бацу кæнын, азты æфцæгæй акаст, æмæ йын нæ зæрдæ зæгъы æнæниздзинад æмæ сфæлдыстады уæлтæмæн. Фæлæ ныры онг фыссæгæн Хетæгкаты Къостайы номыл преми лæвæрд цæуылнæ æрцыд?

Дзасохты Музафер презентацимæ афтид къухæй не 'рбацыд. Библиотекæйæн балæвар кодта цалдæр чиныджы.

Роман «Арвы нæмыг» фыццаг мыхуыргонд æрцыд «Мах дуг»-ы, стæй та рацыд хицæн чиныгæй. Чиныджы презентаци зæрдæмæдзæугæ хуызы амыдта журнал «Мах дуг»-ы хайады редактор, филологон наукæты кандидат Тъехты Тамерлан.

**САУТÆТЫ Тамилæ,**
**къам систа**
**Татьянæ ШЕХОДАНОВА**


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ




**Обслуживание колонок и котлов.**
**Тел.: 8-961-821-90-88.**

**Металлоизделия, двери, ворота, навесы из лексана, покраска ворот.**
**Тел.: 8-928-928-88-24.**



**Выполняем ремонтные работы: шпаклевка, обои, карнизы, откосы, покраска, ламинат.**
**Тел.: 8-989-039-78-89 (Казбек).**



Номыры радхæссæг редактор — **Хуыбиаты Ларисæ.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ – 25-93-68, Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) **– 25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæ уа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2446. Заказ № 700. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**